

Arestasyon/tit sejou



« GID BON REFLEKS »

La Cinéma

Outre-Mer

L'humanité passe par l'autre

1

-
→ **Prepare
dosye-w**
-



Sere tout papye ak lèt ki gen
non-w e ki gen yon dat sou li :

papye sa yo ap sevi-w prèv
 prezans ou an Frans.

Mete yo pa ane pa ex :
2014-2013-2012-2011



Papye sa yo kapab konsène :

yon proch paran-w. (kat sejou, batistè)

pipit ou yo. (batistè papye, papye lekol, kat vaksen,
si-w achte yon bagay kenbe resi a, manda kach,
papye lakaf ba ou)

ebejman-l.
(yon atestasyon, papye kouran, papye asirans)

si tout fwa wap travay. (fich de pèy yo, o swa
fotokopi chèk yo, kontra travay la, pwomes anboch
ou genyen an)

papye enpo-w yo.

sante atestasyon sekirite sosyal yo ba ou, papye
medsen-w ba ou pou al achte medikaman,
CMU ou AME.

si tout fwa ou te pèsekite nan peyi-w epi ou fè demand
azil an Frans sere tout papye OFPRA yo, CNDA.

demand ou fè la prefecti
(papye lèt rekondane yo, konvokasyon, lèt yo fè-w
repsons la, sere tout)

→ Siw chanje adres, mete tout biwo yo o kouran.

atansyon : fok ou gen menm adres avek madanm ou konkibin ou e timoun ou yo si
n-ap viv ansanm. kenbe yon kopi nan chak dokiman-w yo nan menw e yon lot, lakay
yon bon zanmi-w, ou byen yon fanmi-w pou-l pote-l ba ou si-w beswen yo.



2

-
→ **depoze yon
demand kat
sejou :**
-



Li enpotan pou-w chache yon
moun ki konnen pou ede w.

- Yon avoka ki espesyalize nan dwa etranje.
- Yon assosyasyon kap ede etranje.
- Aten jistics, konsey depatman ki gen aksè ak dwa moun.
- Yon asistans sosyal nan vil kote ou rete a ou byen konsey general la.



Li pi bon pou-w byen prepare dosye-w
e gade kantite pou-santaj chans ou
genyen olye pou-w ogmante
desisyon rejè.

- gade si-l nesesè pou-w tann pou-w
genyen plis pwèv de pwesans.
- Chwazi ki kat sejou ou fè pati
(si se sejou salarye, sejou fanmi,
oubyen sejou maladi).



Si se posib ale la prefekti ak yon
moun ki fransè ou byen ki gen
papye ki kapab edew si-w genyen
pwoblèm pou-w fè proch ou
yo konen sa. yon avoka, ou yon
asosyasyon si tout fwa yo arete-w.

- Voye demand w-ap fè a bay
la prefekti pa lèt rekòmande (AR)
kenbe yon kopi nan chak dokiman yo.

Kontak

Cimade RETANTYON

- GIYAN FRASÈZ
→ 0694 456 458 / 05 94 280 261
GWADLOUP
→ 0694 247 444 / 05 90 46 14 21
LA REYINION
→ 0693 908 421

SOLIDARITÉ MAYOTTE

- 06 39 21 64 81

3

-
→ **Kisa yon
obligasyon kite
teriktwa fransè
a ye?**



L'OQTF : Obligasyon kite
teriktwa fransè se yon
dokiman kote la prefekti
mande-w, kite tè
la Frans lan.

Kòman la prefekti remèt ou papye sa a :

- Yo ka remèt ou li nan men la prefekti ou byen pa lèt rekondane apre
lè-w te fè yon demand kat de sejou oswa demand azil.
- Yo ka remèt ou li nan yon komisarya
polis, nan jandamri, ou byen aprè lè yo
fin fè kontwol idantite.

Si-w padako ak desisyon
an ou dwe fè yon rekou devan
tribunal administratif

- Pou-w fe yon rekou devan tribunal
administratif la, ou gen 2 mwa. Le-w
jwenn OQTF kontakte imediatman yon
avoka ou byen yon asosyasyon.
- Sinon ou kapab depoze ou menm sel
yon demand avoka gratis avek kopi OQTF
la, nan tribunal de grand instans nan yon
delè de 60 jou nan lè ou te reseval la.
Yap ba-w yon avoka gratis si-w pa gen
lajan oubyen ou pap travay.

Si-w konvoke nan yon odyans nan
tribunal administratif, li trè enpotan
pou-w ale. Pa gen okenn danje pou yo
arete-w pendan odyans la.

Men si ou demande yon avoka
o swa ou ekri tribal, yo kapab
plase ou nan sant retansyon e menm
ekspilse w. Sa vle di voye-w retounen
nan peyi-w. Depoze yon rekou devan
tribunal administratif sa pa anpeche
yo voyew nan peyi ou.

4

-
→ **Si fos de lod yo
kontrole-w :**
-

Polis nasyonal ak gendamri yo kapab mande-w pyès idantite w pou yo wè si-w gen dwa rete an Frans. Si-w pa gen yon tit sejou ki valab, yo kapab mennen-w nan yon pos polis ou byen nan yon gendamri e mete-w nan sant de retansyon pou tann desizyon otorite yo. Dire desizyon an se 16 zèd tan.

- Prezante tout papye ou gen nan men-w e si-w gen lakay ou mande yon moun potel pou ou.

- Si-w fek rive an Frans pou-w mande azil, di la polis sa e eksplike tout pèsekisyon ou te sibi ki krent ou genyen si-w ta tounen nan peyi-w.

- Bay yon adrès, la dann w-ap bay yon prèv ki montre wap viv nan adrès la. yon fakti ki fêt sou non-w*, yon attestasyon, ou byen yon fakti ak yon pyès identite moun ki ebeje-w la.

- Li pi bon pou-w reponn polisy yo lan tout kesyon yo pozè-w sou idantite-w, e sou pwop sitiyasyon-w pa janm kache nasyonalite-w.

- Ou gen dwa mande yon interpwèt, ou ka pran avoka (oubyen mande yon avoka gratis) ou gen dwa pou wè medsen.

- Ou gen dwa mande telefon pou-w rele fanmi-w, konsil peyi-w, avèk avoka-w e ak moun ou vle pale a chak moman.

- Lapolis pa dwe mete minot nan men-w si-w pa fè gwo nèg ak yo.

Si la polis jwenn ou ak paspo-w nan men-w li ka voye-w nan peyi-w nan menm jou a.

**Kontak****Cimade RETANTYON**

GIYAN FRASÈZ

→ 0694 456 458 / 05 94 280 261

GWADLOUP

→ 0694 247 444 / 05 90 46 14 21

LA REYINION

→ 0693 908 421

SOLIDARITÉ MAYOTTE

→ 06 39 21 64 81

OU SE YON MIGRAN ?

**GID SA A
SE POU OU.**

La Cimade

GID SA FÈT

**POUW KONNEN
DWAW.**

La Cimade



5 -
Lè-w fin kontrole

→ **pa fos de lod yo,
la lapolis o swa
gendamri y-ap
bò-w yon desizyon
administratif
ki kapab :**
-



1° gade si-w gen dwa rete an Frans e libere-w.

2° remèt ou yon papye ki mande-w kite teritwa fransè a nan yon delè de 30 jou.

3° remèt ou yon papye ki mande-w kite teritwa fransè a san delè, e mennen-w nan sant de retansyon an.

4° remèt ou yon papye ki mandew kite teritwa san delè e voyè-w nan peyi-w.



Atansyon plisyè desizyon kapab akonpanye yon papye ki di-w pou kite teritwa fransè a (OQTF).

Y-ap entèdi-w pou-w pa retounen sou teritwa fransè a (IRTF) jiska 2 a 3 lane. Desyzyon sa ap anpeche-w retounen an frans e pi tou l-ap anpeche-w genyen yon kat sejou nan menm delè a

- yo ka mande-w pou-w ret lakay ou : yap toujou voye-w nan peyi-w men yo otorize-w

pou-w rete lakay ou oubyen kay yon proch fanmi-w avan-w pati. Pandan ti tan sa ou kapab siyen yon papye chak jou nan komisarya.

Nan tout ka sa yo, ale wè yon asosiyasyon ou byen yon avoka espesialis Ou pa oblige siyen papye yo . Li pi bon pou-w konprann e pou-w li verifye kisa ki nan prosevèbal yo e ki desizyon egzat.

Ou se migran - gid sa fêt pou ou.



Ale wè asosiyasyon kap ede-w egzèse dwa-w e ki kapab enfome-w e ede-w nan demach jiridik ou yo.

6 -

→ **nan sant kote
w-ap tann desizyon
administratif la
(CRA)**
-

**Lè-w rive nan sant de retansyon
an, ou kapab :**

- Kontakte avoka-w, konsil peyi-w, moun ki kapab pote pyès ou pou ou.

- Fè demand azil (ou byen reegzamen).

Gid sa fêt pouw konnen dwaw.

- Wè l'OFFI li kapab bo-w yon sipo nan ka sa a,e ede-w kontakte fanmi-w, achte kat telefon pou ou,e bo-w lajan ak lot bagay pou-w pati.

- Wè sevis medikal pou tout pwo-blèm sante.

- Resewva visit espesyalman pou pote pyès ou yo.

La Cimade